



FATRA GEN VALÈ

1. Kisa “fatra gen valè” vle di?

- Anpil nan sa nou jete yo pa vrèman fatra; yo gen materyèl ki gen valè ladan yo.
- Papyè, metal, plastik, rèss manje, fatra lakou, ak debri konstriksyon kapab reutilize, resikle, oswa transfòme an yon bagay ki gen valè.

2. Kijan rekipere fatra ki gen valè ede nou?

Lè nou kaptire oswa rekipere materyèl ki gen valè sa yo olye nou boule oswa antere yo:

- Materyèl yo itilize lokalman (panse a nouvo payaj pou pak nou yo!).
- Pwosesis rekiperasyon an kreye plis travay lokal pase jete fatra nan depo, paske materyèl yo manyen, trete, epi revann plizyè fwa anvan yo reyalize tout valè yo.

3. Poukisa debri konstriksyon ak demolisyon (C&D) gen valè?

Beton, asfalt, metal, ak bwa ki soti nan sit konstriksyon yo kapab kraze, fonn, oswa moulen pou reutilize nan nouvo pwojè konstriksyon oswa fabrikasyon isit la nan Konte Broward.

4. Konbyen nan fatra ki gen valè nou ka rekipere?

Jodi a, anviwon 62% nan fatra nou yo ta ka rekipere ak bon pwogram yo, jan sa prezante nan Plan Direktè a.